АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

№7 (9791)
РУЗМАН
23 февраль 2018 сон
7 РАДЖАБ 1439 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа 9 гъур. 60 коп.

Редакторалъул бокIон

Гьаб анкьил итни къоялъ радал хIалтIуде уней йикIана. Мадугьалихъго бугеб жилдомалдаса Хадижат ятана нухда гIурул рагIалдехун уней.

- ПатIимат, мун йихьуларогоха дун йикIарай! Дуе талихI батайгийин, цо гьание ячIа, гIурул рагIал бихьизе. Гьалъул щай яц дуца бицунареб?!

- Хадижат, анцIго соналъ бицана, гьелъул бицунаго гIадамазда дунгоги рихана. Гьелдасаги квеш бугебги мех букIаралъул..

- Дир рекIел къварилъи дуе чучичIого рес гьечIо, гIенекке. Дир гIумруго ана гьаб гIурул рагIалда. Радал, бакъанида гIурул рагIалде яхъуна дун, ракьа гIадин щокъроб магIуги къан нахъги юссуна. Цогидал районаздаса эхере, эхеде унел гIадамал лъалхъизарун машинабигун, сурат бахъинеян рахъуна гIурул рагIалде. Районалде щварал гьалбалги гIедегIула гIор бихьизе. Киса-кибего гурелъулха гьадинаб нигIмат букIунеб. БитIахъе намуслъула гьел гIадамаздаса.

- Хадижат, хасел лъугIулеб буго, гьанже субботникал байбихьула, бацIцIина гIурул мухъги. Волонтеразул сонги буго исана..

- Мусорни бацIцIина, ПатIимат, гьал хIажатханабазул турпабахъа чваххулеб чороклъиялда щибилеб? Гьалъул тIалаб гьабулев чигойищ вукIунарев? Богорукъазухъа бачIунеб канализациялъул бицинего бицинарин, гьеб гьукъун хIал кIоларо. Борхе, яц, гьаб суал, дир гьариги бугин. Цере, росабалъа рачIарал гIадамаз гIурул рагIалдаго какиги чурун, гьениб ганчIида какги бан, гьенибго лъимги тIаде ххун, хIангун чедги кванан хIухьбахъулаан. Рахъаха гIурул рагIалде, бугищ как базе бегьулеб бокIон, хъатаз босун лъим гьекъезе къабуллъулеб бакI хутIун?! Бегьуларо гьадин гIор чорок гьабизе. Аллагьасдасанигийищ хIинкъиларел..

ГIурул рагIалда ракI унтун хабар бицуней Хадижатги тун дун хIалтIуде гIедегIана.. Гьелдаго гIадин къойилго дидаги бихьула гьеб чороклъи, гьединго унтула ракI.. Рукъзабахъейищха иней гIадамалгун ягъизе? БукIана заман жеги тату хвараб. Мусоралъул ящиказда жанибго цIаги гъун хIухьел цIазе кIолареб. МахIачхъалаялдаса вачIарав МВДялъул министрас гIурулмухъ бацIцIине тIамун рукIана нилъер РОВДялъул хIалтIухъаби чанго соналъ цебе. Намуслъиялъ кIанцIизе бакI лъугIун букIана, тахшагьаралдаса вачIун министрас гьеб бадибчIвай гьабураб данделъиялда. РОВДялъул хIалтIухъаби гуроха гIурул мухъ чорок гьабулел чагIи, бегавулги гуро, районалъул администрацияги гуро. Гьаб дицаго гIадин гьезгийин гьелъул тIалаб гьабулеб, бицунеб, бацIцIунеб бугеб. ГIемериселго гIадамал руго жидер гъасда бугелъул гурого тIалаб гьабуларедахъ лъугьун. Гьаб росулъ гIумру гьабун вугевщинав чиясул намусалда лъураб тIанкI буго гьагъаб гIурул рагIал.

Бицине, бахъизе, хъвазе къагIида течIо районалъул газеталъ ва телевидениялъ гьелъул. Радал цIияб гьава биччазеян горду рагьани буччун загьруяб кIкIуялъ цIолаан рукъ. Чурун ретIел къватIиб базе бегьулеб хIал букIунароан.

ЛъугIана гьеб масъала. ГIурул мухъдаги рукIана мусоралъул гIарахъал гIун. Гьелги тIуран лъугIизарун рукIана. Иххаз, лъараз, гIоралъ хъамун бачIун ЧIалда хIорихъе щварабгицин бацIцIана нилъер районалъул гIолохъабаз, гурун гъуждулгун.

ХIурматиял, районцоял, хIебдасел! Нилъер, гьаб кьурабазда гьоркьоб къараб, райцентр берцинлъиялъе буго беричаб АваргIор. МагIаруллъиялдаго бищун гучаб гIор! Чанги къисаялъулъ, шигIрабазулъ рехсараб гIор. ГIорги хъуб гьабуни, нилъ хьвадулел къватIазда, азбаразда рацIцIалъиги гьабичIони нилъер бараб какгIаги щолебдай?

Ихги гIагарлъулеб буго, тIабигIатги цIилъила, цадахъго лъикIал къасдалги тIирщаги нилъер ракIазулъ. Амин.

■ БАРКИ

ХIурматиял, районцоял, баркула нужеда ВатIан цIунулезул къо!

Нилъер районалда дагьал гьечIо рагъул заманалъул кьогIлъи бихьарал, ВатIаналде къо ккедал рухIалда барахщичIого Россиялъул Армиялъул ва флоталъул хъулухъ гьабурал рагъухъаби, тылалда хIалтIарал, Венгриялда, Афгъанистаналда, Чачаналда, Сириялда ккарал лъугьа-бахъиназулъ гIахьаллъарал ракьцоял, хIалхьиялда ругел офицерал. Дица ракI-ракIалъ баркулеб буго нужеда киназдаго гьаб, нужер бахIарчилъи ва къохIехьей ракIалде щвезабиялъе бугеб къо! Нуж, унго-унгоял патриотал, руго мисаллъун цIиял гIелазе, нужерго наслабазе, гьанже рагъулаб хъулухъалде ине гъира ккарал гIолилазе. Нилъер КIудияб ВатIаналда рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIиналъе гIоло нужер щивас рагъулгун захIматалъул фронталда росарал бергьенлъаби кIочон теларо кидаго. Гьарула нужее, хъизан-лъималазе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб, рахIмат гIемераб гIумру. ТIурайги нужер киналго лъикIал мурадал, рагъ-кьалалдаса цIунаги нилъер улкаго!

МухIамад ХIАСАНОВ

■ РИЩИЯЛ

ДАГЪИСТАН бичIчIулесе кье гьаракь

ХIурматияб Шамил районалъул жамагIат!

Щолеб буго тIаде, нилъер улкаялъул тIолалго халкъазе кIвар бугеб заман, пачалихъалъул бетIер – Президент вищулеб къо. Цониги гIакъилав, лъай, иман бугев чияс лъида бугониги цим бахъунин абун рищиязде гIахьаллъиялдаса инкар гьабизе бегьуларо. Нилъер лъималазги, лъималазул лъималазги гIумру гьабизесеб улкаялъул Президент вищиялдехун гIакъилаб бербалагьи ва жавабчилъи гьабизе ккола.

Нилъер районалъул бюджеталъул 90 процент гIуцIулеб буго Федерациялъул бюджеталъул гIарцудаса, районалъул пенсионеразе, инвалидазе щибаб моцIалъ 70-75 млн гъурущ гIарацги бачIунеб буго хIукуматалъул бюджеталдаса. Нилъее бокьаниги, бокьичIониги нилъер ва нилъер лъималазул гIумру битIахъего жакъа бараб буго нилъер вукIинисев, Пачалихъалъул бетIерасда. ТIубараб дунялалдаго рагIана В.Путинил рагIаби: «Цебе дица дагъистаниязул адаб гьабулаан, гьанже гьел дие рокьула» - гьел рагIабаздалъун цогидал регионазулги нилъедехун лъикIаб балагьи бижизабуна гьес. Дагъистаниял ккола Россиялъул тIолалго избирателазул цо проценталдаса дагьаб къадар, Дагъистаналда жаниб нилъер районалъул избирателазул къадар бахуна 0,8% .

В.Путиница гIемерисеб кIалъаялда ва лъазабиялда бицуна намус-яхIалъул, гIадлуяб хьвада-чIвадиялъул, лъай борхизабизе, гIумруялъул даража борхинабиялда тIад хIалтIизе ккеялъул. БакътIерхьул рахъалъул хIукуматазул ва США-лъул санкциязухъги, политикиял дандечIеязухъги, хIаязухъги балагьичIого гьесда бажарана, Россия жиндирго нухдаса цебетIезабизе. Нилъее киназего балъгояб гуро кинаб хIукуматалъе гьес бетIерлъи гьабизе ккарабали : жиндир заманалда щоларел харжалги, пенсиябиги, загIипаб экономикаги, биххараб рагъулал къуватазул комплексги. Гьеб гуребги чанги захIматлъи букIана гьев улкаялъул бетIерлъуде вачIараб бмехалъ.

Гьев ккола гIакъилав, ритIухъав ва бахIарчияв инсан, сундул хIакъалъулъ бицен кканиги гьесда бажарула гIакълучагIазул кумек гьечIого мухIканал жавабал кьезе. Гьеб буго лъаялъулги ва культураялъул рахъалъ цевеtIурав чиясул рухIияб бечелъи.

ХIалтIухъанасул гIумру В.Путинида лъала тIахьаздаса цIалун гуреб, нилъ божула гьесда гьаб захIматаб, киналго НАТОялъул хIукуматал данде чIараб кризисалдаса Россия борчIизабизе кIвезе букIиналдаса.

Гьев гIахьаллъуларо дандиясде рагIаби рехулел ва живго веццулел телепередачабазда. Гьеб дагIбарагIиялдаги гIахьаллъуларо жидерго мустахIикъаб даража бугев кандидат. ЦIар-цIарккун хъвачIониги нилъеда гьанжелъизегIанги бихьун лъала жалго рецц ун, данде ругел кандидатал какун телепередачабазда гIахьаллъулел президентлъиялде къасд гьабуразул къадруги къиматги. Жиндирго я Россиялъул къадру гIодобегIан гьабулеб рагIи ва гIамал бихьичIо В.В. Путинидаса. Нилъеца киналго кандидатазда гьоркьоса вищизе ккола, бищунго лъикI нилъеда лъалев чи. ГIумруялъ лъиданиги божилъи гьабичIого рукIине бегьуларо, гьединго гьаракь кьезе бегьуларо жал къезе рукIин лъалаго кандидатураби лъуразеги.

Нилъер районалъул избирателазе, тIолабго жамагIаталъе лъикI букIине буго, Дагъистан бичIчIулев, нилъер халкъалъул, миллатазул адаб гьабулев чи Россиялъул президентлъун вищани.

Гьединавлъун ккола В. В.Путин .

Нижеца киналго ахIулел руго 18 марталъ рищиязде гIахьаллъи гьабизе ва В.В.Путиние гьаракь кьезе.

Херазул Совет,
Ветераназул Совет,
Районалъул гIолилал,
ЖамгIияб палата,
Руччабазул Совет,
Лъай кьеялъул ва медицинаялъул хIалтIухъабазул профсоюз.

■ ХIЕБДА ШКОЛАЛДАСА ХАРБАЛ

Авар мацI цIуни ва бокьи-нилъедаго бараб

ХIебда школалда гургинаб стол

«Авар мацI цIуни ва бокьи-нилъедаго бараб» абураб темаялда тIасан ХIебда СОШалда тIобитIана ТIидиб, ХIотода, КъахIиб ва ХIебда школалъул авар мацIалъул мугIалимзаби ва цIалдохъаби данделъараб гургинаб стол. Гьеб, «ЦОЛЪИ» газеталъул редакциялъ, райОНОялъ ва ХIебда школалъ цадахъ гIуцIараб данделъиги нухда бачана районалъул «Информцентралъул» нухмалъулей ПатIимат ГьитIиновалъ . Гургинаб столалда нахъа авар мацIалъул бечелъи цIуниялъул рахъалъ жидерго пикруги бицун гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев букIин, магIарул газетал, журналал ва т1ахьал цIалунгутIи. Хасго гьеб унти гIолохъанал умумузул рокъоб баккун букIиналъул хIужжабигицин рихьизаруна хIалбихьи бугел мугIалимзабаз. Ясли-садалдасанго байбихьун, гIурус мацI гурони лъималазда рагIулеб гьечIолъиялъ ва школалдаги киналго цIалул предметал гIурус мацIалда малъулеб букIиналъ, лъималазе захIмалъулеб буго авар мацI бокьизе ,цуIнизе ва лъазабизе.

Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъ гьабулеб пайдаяб хIалтIул, мугIалимзабазе гьелъул бугеб кумекалъулги бицана гьениб. Къва-

Ильяс ХIусенов, ХIотода школалъул директор ГIалило МахIмудов ва ХIебда школалъул нухмалъулел. Хас гьабун гьеб данделъиялде ахIун рукIана авар мацIалъул ва адабияталъул олимпиадабазда, пасихIго магIарул кучIдул цIалулел къецазда тIоцересел бакI ккурал цIалдохъабиги ва гьезие дарсал кьолел мугIалимзабиги.

Гьезие баркалаги загьир гьабун ПатIимат ГьитIиновалъ бицана лъималазул рекIелъ рухIияб кьучI лъеялъе рахьдал мацI лъаялъул буго кIвар ралъул. – Лъайги гIакълуги бугев чиясул столалда кидаго букIине ккола Аварагасул хIадисазул, халкъиял абиязул, Расул ХIамзатовасул «Дир Дагъистан» тIахьал. Гьел тIахьал руго нилъее кидагосел мугIалимзаби. Гьеб лъабабго тIехь цойиде бакIарараб гIадаб буго гьанже нилъехъе щвараб, Бакълъухъа МухIамад ХIамзаевасул «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан» тIехьги. Гьениб шагIирас нилъ ахIулел руго иманалде, яхI-намус цIуниялде, умумузул тарих, ВатIан бокьиялде. Жакъасел жамгIиял гIузрабазда данде сабаблъун бугеб гьеб тIехь нилъер щивасухъ букIине ккела,- янги абун ГьитIиновалъ къецазда бергьенлъи босарал цIалдохъабазул мугIалимзабазе сайгъат гьаруна «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан» тIахьал. Жалго цIалдохъабазе гьелъ сайгъат гьаруна дагьалъ цере къватIире рачIарал «МагIарул халкъиял маргъаби» тIахьал. Гьел киналго тIахьал живго М. ХIамзаевасул рахъалдаса сайигъат бугинги бицана гьелъ.

РайОНОялъул рахъалдаса баркалаялъул кагътал ва ХIурматалъул грамотаби кьуна олимпиадабазда бергьарал цIалдохъабазе ва гьел хIадурарал мугIалимзабазе.

Бищунго кIвар бугеб захIматаб суал букIана эбел-инсуца авар мацIалдехун кIваркьей чучлъизе биччан ригIун буго авар мацIалде цIикIкIараб рокьи бижизабизе улбузулъги лъималазулъги. ЛъикIаб асар гьабуна киназего авар мацI цIуниялъул ва гьелъие хIаракат бахъулезе баркала кьезе гIуцIараб данделъиялъ. Хасго гьеб берцин гьабуна гьенир гIахьаллъарал цIалдохъабаз пасихIго цIаларал кучIдуз.

Ахиралдаги, киналго гIахьаллъун хIукму гьабуна гьединал тадбирал районалъул цогидал школаздаги тIоритIизе.

ПатIина ГIАЛИЕВА,
ХIебда школалъул мугIалим,
Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул районалда йигей координатор.

■ ДАНДЕЛЪАБИ

Улбузул хIаракатчилъи - жамгIияталъе пайда

Руччабазул жамгIияб гIуцIиялъул церехъаби ракIарараб данделъи букIана араб хамиз къоялъ.

Руччабазул советалъул данделъи

Данделъи нухда бачана гьеб гIуцIиялъул нухма-лъулей, ДРялъул лъай кьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан Умакусум ГIалибеговалъ. Гьелъ ракIалде щвезаруна араб соналъ районалъул Женсоветалъ гьабураб хIалтIи, республикаялъул даражаялда тIоритIарал тадбиразда гьабураб гIахьаллъи. Гьединго Умакусум ГIалибеговалъ дандбана 2018 соналъ гьабизе хIисабалде босараб хIалтIи. Женсоветалъул киналго членаз жидерго пикрабиги загьир гьарун къабул гьабуна исанасеб хIалтIул план. Данделъиялда гIахьаллъарав районалъул бетIерасул заместитель Камиль МухIамадовасги жиндирго рахъалдаса малъа-хъваял гьаруна данделъаразе. Руччабазул гIуцIиялъ, улбуз гьабулеб хIаракатчилъи-гьеб жамгIияталъе пайдаяб, жакъасеб гIумруялда хIажатаб иш бугин абуна гьес.

Гьаб гIагараб заманалъго районалда лъикIал тадбирал гьаризе хIадурлъулеб буго Женсовет.

М. МУХIАМАДОВ

Авторасул бокIон

Давуд ДАВУДОВ

ЖАКЪА КIВАР КЬЕЧIОНИ МЕТЕР КВАТIИЛА

(21 февраль-рахьдал мацIалъул къо)

Аллагьас дунялалда бижизабун буго гIемераб рухI-чIаголъи: хIутI-хъумуралдаса байбихьун пилал, жирафазде гIунтIун. Амма инсанасе гурони кIалъазе махщел кьун гьечIо. Гьеб буго унго-унгояб хIалкIолъи. Гьарураб къоялдаса нахъе инсанасда рагIула гIагараб гьаракь – эбелалъул, инсул, гIагарлъиялъул. Гьеб буго нилъер рахьдал мацI. ГIадада батиларо халкъияб аби бугеб, гIелму гьечIого тIубалин, амма рахьдал мацI гьечIого тIуба ларин.

Дунялалда буго 5 азаргоялдаса цIикIкIун батIияб мацI. Гьезда гьоркьор дунялалъулин рикIкIунел: ингилис, паранг, гIурус ва гь.ц. Гьединго руго пачалихъиял мацIал: гIурус, дагъистаниязул, татаразул ва цогидалги. ГIемерисел мацIазул гьечIо жидерго хъвай-хъвагIай, жалго кIалъалел мацIазда рахъулел тIахьал, риччалел казиятал. Щибаб моцIалъ дунялалда тIагIунеб буго 2 батIияб мацI. Гьебги хIужжаялъе босун ЮНЕСКОялъ 21 февраль чIезабун буго Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къолъун. Гьелъул мурадги буго дунялалда батIи-батIиял миллатазул мацIал тIагIиналдаса цIуни.

Дунялалда чанги руго тIомалъул кьер батIиял, тарих батIиял, гIадатал ва мацIал батIиял халкъал. Щибаб халкъалъ цIунула жидерго ракь, жидерго мацI-рухIияб бечелъи. Нилъер районалдаги щибаб росдал буго жидерго диалектал ва сверелал. Гьеб буго нилъеца нилъерго рокъоб, щивас жидерго росабалъ бицунеб мацI. Гьелдаго хадуб чара гьечIого камил гьабизе къваригIун буго магIарул литературияб мацI. Щибаб къоялъ райцентр ХIебда росулъе жидерго къваригIелаз рачIуна районцоял. Амма дагъаб къадаралъ гурони литературияб мацI бицунаро. Дунги магIарул мацI лъаялъе чIел босарав чи гуро, амма литературиябгун жубараб росдал мацIалде тIаде, жеги гьезего гьечIел цIиял ахиралги суффиксалги журан , хасго гIолохъанаб гIелалъ мацI чорок гьабулеб мехалъ рекIел хIалхьи хола. Школазда чIахIиял классазул лъималазул рахьдал мацIалъе щварал къиматал къадарал рукIуна гIурус мацIалъул дарсазе щвараздаса, жеги хIикмалъизе ккараб жо-ингилис мацIалдасагицин! Гьелъи е гIиллаги, дида бичIчIухъе, гьеб нилъерго рахьдал мацIалде мугъ рехи буго. Гьаб анкьида нилъеца кIодо гьабула ВатIан цIунулезул къо. Кинаб ВатIан цIуни букIинеб нилъеца нилъерго гIун бачIунеб гIелалда нилъерго гIагараб, рахьдал мацI цIунизе малъулеб гьечIони. Нилъерго ВатIаналде рокьи бижизабиялъе лъолеб рухIияб къучI буго гьеб. Цо гьадинаб мисал бачина: дир гьалмагъ щун вуго Южно-Сахалинск шагьаралде кьурдухъабазул ансамблялда цадахъ гастролазде. Гьезда аскIове вачIун вуго хIурматияб ригьалда вугев чи живги дагъистанияв вугинги абун. Гара-чIвари гьабидал абун буго лезгияв вугин, амма цониги рагIи рахьдал мацIалъ лъаларин. 30ялдаса цIикIкIун соналъ умумузул ракьалдаса рикIкIадаги хутIун жинда рахьдал мацI кIочанин абун буго гьес. Телефоналъ эбел-инсухъе кIалъалелъулги жиндие таржама гьабулилан.

Гьединаб хIужжа нилъер лъималазул гIумруялда ккечIого букIиналъе гьабулеб цIунакъай щиб бугеб нилъер?

Цойги мисал бачинин нилъерго гьаниб буго. Тазиятазде, мавлидазде ва бертабалъ данде бакIарула нилъер кинабго гIагарлъи. Гьенибги гIемер рагIулеб мацIлъун лъугьун буго гIурус мацI. Шагьаразде гочарал ва Дагъистан тун къватIирехун ругел гIолохъанал ясал-васал гIемерисездаго лъалеб гьечIо рахьдал мацI, бичIчIулебги гьечIо. Гьелъиеги гIиллаги буго кIудияб гIелалъ рахьдал мацI рокъоб бицунгутIи.

Дие цIакъ бокьила нилъеца нилъерго лъималазухъеги лъимазул лъималазухъеги аманат гьабун рахьдал мацIалъул бечелъиги, берцинлъиги, хIеренлъиги, гьайбатлъиги кьуни. Жакъа нилъеца гьелде кIвар кьечIони метер кватIун букIине буго.

21 февраль-рахьдал мацIазул къо



ВатIан хириялги, мацI бокьулелги,
Баркула нужеда жакъасеб байрам.
Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул
Къо тIаде щун бугин, борхизин цо лълъар!

Лълъар борхизе буго дир ракьцояз ,
МугIрулгIан кIудияб сахлъиги гьарун,
РоцIарал иццазул цIорораб лъимлъун
Чвахххулеб магIарул калам цIунулел!

Кьеги нилъей къуват, рокъобгун къватIиб
Кьин гьечIеб ралъадлъун умумузул мацI,
Магърибалдаса ун машрикъалде щун,
Щулаго цIунизе, дир магIарулал!!!

ПатIимат КЪУРБАНГIАЛИЕВА

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

Иман щулалъиялъе исламиял къецал

Гьал ахирал моцIазда нилъер районалда тIоритIана гIемерал лъикIал тадбирал, батIи-батIиял къецал. Шамил имамас 200 сон тIубаялда бан районалда тIобитIана, районалъул бетIер ХIасанов МухIамадилги районалъул имам ГьитIиномухIамадилги нухмалъиялда гъоркь ХIамзаев МухIамадил «Имам Шамил» абураб тIехьалдасан конкурс.

Сайпулакъади МухIамадов

Гьениб гIахьалъи гьабуна лъабкъогогIан чияс. Гьеб конкурсалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна КъахIиб росулъа МухIамадсагIидов МухIамадгIарипица, кIиабилеб бакI ккуна Ругъелдаса ЗайнулгIабидов МухIамадица, лъабабилеб бакI ккуна Могъохъа ГIумарова Аминатица. Конкурсалда гIахьаллъи гьабурал анцIго чиясе кьуна гIарцулал сайигъаталги баркалаялъул кагъталги. Гьелдаса хадуб районалъул имамас лъазабуна КъурамухIамадхIажиясул «Диналъул аслаби Аварагасул гIумру» абураб тIехьалдасан тIолабго районалда конкурс букIине бугилан. Къоабилеб январалъ тIобитIана гьеб конкурс. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 65 чияс. Гьелъул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна ГIасаса ГIабдулаева Алжанатица, кIиабилеб бакI щвана Къваниса МухIамадова ШугIайнатица, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Бакълъухъа ГIумарова Хадижат. ТIоцебесеб анцIго бакI ккурал гIахьалчгIазе гIарцулал шапакъаталги грамотабиги кьуна Бакълъухъ росдал жамагIаталъ. Гьел хIасилалги гьарун Бакълъухъ росдал масжидалда тIобитIана гIелмияб мажлис, районалъулго жамагIаталги ахIараб. Бакълъадерил жамагIаталъ тIаде рачIарал гьалбал кваназеги гьаруна.

Гьебго мажлисалда районалъул имам ГьитIиномухIамадица лъазе гьабуна кинабго районалъул жамагIатазда щибаб росулъ битIун как базе малъиялъул дарсал кьезе кколилан. Гьел дарсалги бихьиназеги руччабазеги киназего рукIине ругилан абуна гьес. Щивав росдал имамасдаги лъазе гьабуна цIалдолезе тадбирал гьарейилан. Хадубги имамас абуна 15 марталъ нилъер районалда букIине бугин битIун каки чуриялда битIун как баялда тIасан конкурс.

Киназего баяналъе букIине бихьиналги руччабиги рикьула лъабиде:

тIоцебесеб - анлъго соналдасан байбихьун анцIила анкьго соналде щвезегIан,

кIиабилеб - анцIила микьго соналдасан кIикъоялда щуго соналде щвезегIан,

лъабабилеб - кIикъоялда щугоялдаса тIадехун.

Гьадинаб тартибалда гIуцIулел руго нилъер районалда исламиял конкурсал.

Гьаб какил конкурсалда гIахьаллъизе ккола кинавниги районалда гIумру гьабулевщинав чи. Районалъул конкурсалде рачIиналде росабалъ гьаризе ккола жамагIатазда гьоркьоб конкурс. Росабалъ бергьарал рачуна районалде.

Щибаб кIиго моцIида жаниб батIи-батIияб темаялдасан цо конкурс букIине кколилан абуна районалъул имамас.

Сайпулакъади МУХIАМАДОВ
ГIасаб росдал имам ва бегавул

Иман щулалъиялъе исламиял къецал

■ ЗИГАРА

ГъитIиномухIамадов МухIамад МухIамадович

13 февралалъ хехаб унтиги чIван, 49 сонил гIумруялда Аллагьасул къадаралде щвана Гьен-тIа школалъул мугIалим МухIамад Гьи-тIиномухIамадов. КIудияб ками ккана хъизаналъе, школалъе, росу-жамагIаталъе.

МухIамад ГьитIиномухIамадов гьавуна 1968 соналъ, росдаего мисалияб мугIалимзабазул хъизаналда. 1986 соналъ росулъ гьоркьохъеб школаги лъугIун МухIамад цIализе ана ДГУялъул физикаялъул факультеталде. Гьенив цIалулаго ГьитIиномухIамадов витIана Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе. 1989 соналъ тIадвуссунги вачIун гьес лъугIизабуна Дагъистаналъул ПачалихIияб Университет. Диплом кодобе щварабго МухIамад тIадвуссана росдал школалде. ГьитIинго мухIканал гIелмабазде рекIел цIцIай бижарав гьев ва_хъана жиндирго махщалиде рокьи бугев унго-унгояв мугIалимчун. Жинцаго цIалараб физикаялъул предмет гуребги МухIамадида лъикIго лъалаан химиялъул, математикаялъул предметалги. Школалдаги гьес цадахъго рачунаан физикаялъул, информатикаялъул, ОБЖялъул, программистал хIадуриялъул дарсал. Школалда хIалтIулаго бараб 25 соналда жаниб букIинчIо ГьитIиномухIамадовас хIадур гьарурал цIалдохъаби гIахьаллъуларел къецал. РикIкIен гIемерал руго гьесул районалъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел олимпиадабаздаса щварал тIоцересел ва призалъулал бакIал.

Россиялъул халкъияб лъай кьеялъул отличник,тIадегIанабкатегориялъулмугIалимМухIамад ГьитIиномухIамадов мустах1икълъана Лъай кьеялъул министерствоялъул, районалъул администрациялъул, райОНОялъул ва нижерго школалъул нухмалъулезул рахъалдаса кьурал рикIкIен гIемерал хIурматалъул грамотабазе, баркалаялъул кагътазе.

МухIамад ГьитIиномухIамадовас живго тIадчIун гъварид гьабулеб букIана махщел, борхинабулеб букIана лъай. Жиндирго хIалбихьиялъул бицун хъвараб кIиго мажмугIги тана гьес нахъе.

Бицунго кIудияб шапакъатлъун МухIамадие букIана щибаб къойил росу-жамагIаталъ кьолеб баркала. Телевизор, интернет, компьютер, телефон ва цогидалги цIияб заманалъул алатазул масъала бугелщинал росуцоял ГьитIиномухIамадовасухъе щолаан. Мурад тIубачIого чи нахъги вуссунароан гьесухъа. Жиндир махщелалъ гуребги, гIаданлъиялъ, гIадатлъиялъ къиматав вукIана МухIамад коллективалъе, цIалдохъабазе, росдал гIолохъабазе. Живгоги махщел-лъаялъул рахъалъ камилаб хъизаналда гIурав гьесул щуябго лъимерги буго лъикIаб бажари-лъаялъул. Лъабго чIахIиял лъимал тIадегIанаб лъайги босун жидерго махщалида рекъон хIалтIулел руго, кIиго гIисинал жеги школалда цIалулел руго.

КIудияб ками ккана хъизаналъе, школалъе ва росдал жамагIаталъе. Къварилъи борхине сабру кьеги БетIергьанас киназего.

Аллагьас алжан насиб гьабеги къадруяв инсан, махщел камилав мугIалим, мисалияв эмен- МухIамад ГьитIиномухIамадовасе. Къиматалда цIунила МухIамадил цIар нижер ракIазулъ, хвелгьечIеблъун хутIила гьесул цIар гIагараб школалъе, жамагIаталъе.

ГьентIаб школалъул коллектив

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат №162517, выданный 1987 году, «Батлухской СОШ им. М. Сулейманова», на имя Магомедова Магомеда Нуричоевича 29.09.1972 года рождения считать недействительным.

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

Районалъул бетIерасе баркала

Бигьаяб хъулухъ гьечIо школалъул директорлъун вукIин. Квеш букIунеб буго магIишатиял хIалтIаби гьаризе гIураб бюджеталъул гIарац гьечIони. Гьеб рахъалъ мукъсанлъи букIиналъ нижер школалда гIемерал рукIана гьаризесел хIалтIаби: басралъун багь-багьун букIана тIад ккураб шифер, басралъун букIана хьухьелдалъун школа хинлъизабулел батареял ва цогидабги.

Нижер къварилъи загьир гьабун районалъул бетIерасда аскIове индал, нижее бугеб къварилъиги бичIчIун, гьес дида абуна къокъабго заманалда жаниб проекталъулаб документацияги хIадурун вачIаян. Дица гьеб хIадурана ва гьелда рекъон М.ХIасановас хIажатаб гIарацги биччан, ремонталъулал хIалтIаби тIурана.

Районалъул «Цолъи» газета гьоркьоб ккун бокьун буго нижер школалъул коллективалъул ва цIалдохъабазул эбел-инсул рахъалдаса районалъул бетIер М.ХIасановасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Гьединав нухмалъулев вугеб мехалъ хIалтIизе гъира бала коллективалъулги. Аллагь разилъайги гьесдаса.

Бакълъухъ школалъул директор ГIабдулхIамид ГIУМАРОВ

■ СПОРТ

ГIурадаса гIолохъанав речIчIухъан

2-4 февралалъ Хасавюрталъул ХI. ХIамидовасул цIаралда бугеб спорталъул кIалгIаялда букIана 2001- 2002 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIулел эркенаб гугариялъул къецал. Бергьенлъи босаразе СКФОялде нух рагьулел гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул шагьараздаса ва районаздаса рачIарал 290 гугарухъанас.

Гьениб 75 кг. цIайиялда цеве вахъана МахIачхъалаялъул ХI. ХIамидовасул цIаралда бугеб спортшколалда куцалев ГIурада росулъа ГIали Нуровасги. Ункъго нухалъ цевеги вахъун, гьездасан заманго щвелалде бергьенлъиги босун тIоцебесеб бакI босана Нуровас. Жиде-жидер цIайиялда бергьенлъиги босун Севериаб Кавказалъул федералияб округалда тIоритIизе руге гел къецазде ине рес щвана Дагъистаналъул 59 гIолиласе. Гьезул мухъилъ вуго нилъер районцоявгIолилав ГIурадаса ГIали Нуровги.

Иргадулаб бергьенлъиги баркун, гьарулеб буго ГIалие хадубккунги цIи-цIиял борхалъаби.

М МУХIАМАДОВ

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П. ГьитIинова (Балилова)
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
М. ГIумарасхIабов.

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
М-Р. АсхIабов
М. МухIамадов

НАБОР
Муъминат ГьитIинамухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район», Шамильское районное собрание

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "Щияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ТУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данделолеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.

Нижер электронияб почтаялъул адрес: infcentr2015@yandex.ru

Издателасул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI № 50